kangatuanne ya iku prapting Negara Ngastina raketang sak pirane paringna marang Pandhawa kareben melu ngrasakake tinggalaning wong tuwane. Yen pancenna ngger manut wewaton ing praja nebutake yen dharma kui seda aku mada marang gumati maca. Atmajaning swargine Prabu Pandu dudu Kurawa nanging para Pandhawa, ewadene Pandhawa trima babad wanamarta Ngastina kanggo mukti putu Prabu Duryudana sakadang ya mung jroning mukti aja nganti lali marang kang muktiake. Putu panyuwunne ingkang kaki negara Ngastina aja nganti kanggo rebutan paperangan kui kaki kurang mrayogaake, saktemenne upama pun biyen kaki ki gelem jumeneng nata mestine Prabu Duryudana ora bakal lenggah ing wasana lan Pandhawa uga ora bakal nduwe pangarepan tumrap marang pangatuane. Sabab apa Ngastina iku biyen tilaranning pangatuaku ya ngger, tingalanning pepundhen ku pun apa ta sababing kaki mung moh mukti ingkang sepisan lelabuhing wong tuwa, ngaturake bekti kunjuk para pepundhen. Kaping pindo pun kaki nduwe pangajab muga dak turun marang darah Kuru uga darah Barata bisa mukti bebarengan, mangka Putu Prabu ingkang nerusake marang asmane darah Kuru tak suwun putu. Reksanen asmane darah Kuru uginen darah Barata aja kok ngasi pun kaki nyumurupi kahananing praja tilaranning wong tuwa mung kanggo ajang pasulayan. Mengkono putu kang dadiatur ku.”

Prabu Duryudana: “Inggih Eyang Panembahan mrahyaken Negara Ngastina dipun pasrahaken dateng Pandhawa, ugi sakabehaning Negara Ngastina diparingaken dateng Pandhawa.”

Eyang Panembahan: ”Mengkono kang dadi kersanipun kaki putu, penggalihing wening kanti penggalihing penggalih.”

Prabu Duryudana: ”Inggih ngaturaken panuwun. Rama Prabu ing Mandaraka.”

Prabu Salya: ”Nuwun kula ngger, boten kita namung tetrimah keparenga kula nuwun dawuh saking pepunden kula ing Mandaraka. Nuwun inggih mestinipun bapa boten wenang gadah atur wonten perkawis menika ngger, awit kularaup menika perkawisipun Pandhawa tuwin kadangipun Kurawa. Mangka kula menika namung sanes Pandhawa ugi sanes Kurawa kula menika tiyang Mandaraka, wonten mriki menika namung minangka dados tamu kula labuhi dateng anak mantu. Ewadene ingkang bapa kaparenga matur dateng pirembag perkawis menika, nuwun inggih. Ya rama prabu atur kula amung nayogyani menapa ingkang sampun kaaturan eyang kang wekdal kanda ngger. Mawanti-wanti dumateng anak prabu, mugi lila ing penggalih Nagara Ngamarta kaparengna wangslu dateng paduka Pandhawa. Tuwin boten Ngamarta kemawon Ngastina sawetahing kaparengaken dateng Pandhawa, boten ngrisak perangan menika boten sampun ngantos Negara menika dipu prail-prail dipunpantha-pantha menika kula kirang sarujuk. Sawetahing Negara Ngastina kaparingaken dateng paduka Pandhawa kanthi babar anggenipun eyang takanda kala wau ugi, pun eyang paring dawuh menawi lelakon kasebataken dharma, seda, atmaja ingkang ngantos dumateng nata, mangka rumiyin Ngatina menika rumiyin ingkang jumeneng nata merga yayi Pandu sampun sababipun anak Pandu ingkang kedah anggentosi keprabon Negara Ngastina. Anak prabu menika nuywun sewu, nyuwun ngampil dateng datan paduka Pandhawa ing ngatasing nyilih kok ora dibalek-balekke, ibarat kaya nemu gula banjur krasa legi kok dielek sarodhonge. Mengko banju melek barang kang melok kesusu malak sabab kesalak muluk, ngontenika kula

kurang prayogi ngger. Tiyang gesang menika menapa ta ngger ingkang dipun padhos. Menawi madhos dateng kapecahaning gesang namung, ingkang wigatos menika luhuring asma kok ngger, sampaun ngantos anak prabu daya-daya ngukut jenang namung kaparenga nguji dateng jeneng langkung rumiyin. Menawi anak prabu kapareng ngukut dateng asma pikantuk asma Oo..kamukten menika bade dumugi piyambak ngger menika saestu. Namung kasak wangslipun anak prabu menika ngugemi mangka sanes kagungan paduka piyambak agugeminipun boten ngantos dadi berkah, wah..meka kok nuwun sewu radi luput tatanipun ngger. Dedongakake tiyang sae kok kirang sae prayogi dateng paringan, inggih mekaten wak Prabu Duryudana sak Kurawane kok banjur ngenggon praba Ngastina kamangka dudu weke, kok ora eling. Inggih ngampil sak orane kelingan karo sing nyilehke, wah menika saru ngger asmanipu saru. Menawi anak Prabu kaparingaken Negara Ngastina tuwin Ngamarta bab perkawis menika nulya pun bapa ingkang kandhel boten menapa mbok menika boten kula ingkang nanggel ugeming paduka sabrayat. Sababipun kula menika ngrumaosi dados mara sepuh paduka dereng saget peparing menapa-menapa, menawi anak prabu kepareng mangsulaken Ngamarta tuwin Ngastia wonten Pandhawa ngger, Mandaraka kula aturi ngagem ngger. Mangga Mandaraka kula pasrahaken anak prabu sawetawising dak mawi ngengeh-ngengeh. Perkawis Burisrawa kalihan Wretwaka mantu kula, kula padhosaken papan piyambak. kula wantun ngaturaken kinorbanan awujud kamukten sabab nguningani datan anak-anak kula sami rukun Pandhawa kinten paduka menika kinten ngger lelampahing kang wuri ngantos dipun lajengaken ana ning mung pasulayan, menika kula kirang mrayogiaken ngger. Amargi Pandhawa menika taksih kadangipun paduka piyambak menika ngger.”

Prabu Duryudana: ”Inggih, matur nuwun prabaning ingkang rama ing Mandaraka. Bapa Durna, bapa Durna.”

Kaset 6

Pandhita Durna: ”Inggih ngaturaken dawuh anak prabu.”

Prabu Duryudana: ”Inggih kula nyuwun dawuhipun bapa inggih trima pamedaring sabda.”

Pandhita Durna: ”Oo..engger anak prabu anak prabu kula bade matur menapa ta ngger sampaun boten kirang sabdanipun ingkang eyang Mandaraka, ingkang sedaya nипун lembaring kang kautaman menawi kula kadamu kunjuk kula kok mrayogiaken sabdanipun ingkang eyang rama ing Madaraka ngger. Jumbuh kalihan ugeming kula dados guru, dados pujangga, dados dwiga kedah dateng marang siswanipun, kok nganti ora rukun marang kadange dewe ya ngger. Guru ki kudu isa ngrukunke marang murite, yen guru ra isa ngrukunke murite guru cap apa menika ngger. Namung menawi Prabu Kresna bumi Ngamarta tuwin Ngastina marang dateng kadang Pandhawa, ing mriku bade ngujudake manah manunggaling Pandhawa tuwin Kurawa ing mriku bakal nyembuh marang asmane bapa Sokalima ngger. Nuwun inggih menika ngger, mangga dipun paringaken sokor sedaya ingkang pundi kang dipun lilaake anggenipun maringaken. Menapa Pramankoci, menapa Gajahoya, Menapa kidul mergi ugi dipun paringaken ler mergi kagempaduka sakadang. Pun menawi kirang kang bapa sagah ngaturaken

Soka Lima, mangga kula aturi ngagem. Klakonipun anak prabu saged manunggal dateng sakadang paduka Pandhawa ngger. Katur samangke dak klintu atur kula ngger, inggih sampun kathah sabda tama kang prakanda ngger. Gunturaning sabda kang utami saking kaga rama Mandaraka.”

Prabu Duryudana: ”Inggih ngaturaken panuwun. Kaka Prabu, Kaka Prabu Basukarna kula nyuwun dawuh saking kaka prabu menggah kados pundi Kaka Prabu ing Ngawangga.”

Adipati Basukarna: ”Nyuwun agunging pangapunten bilih atur kula menika mangke benten kalihan para kadang sanesipun. Tuwin beda kalihan sabdanipun para pepunden ingkang sampun anggula wentah wau, nang nging tumraping kula yayi menika sampun gesang marang wananing kang sampun mardika. Inggih menika ingkaka kaka kengnging mangertos pemanggihing kal wau, sampun ngantos damel kisruhing rerebutaning bebrayan agung”.

Prabu Duryudana: ”Inggih lajeng kados pundi.”

Adipati Basukarna: ”Yayi prabu, menawi kula sanget boten nglilani paduka bade mangsulaken Nagara Ngamarta tuwin Ngastina menikadateng kadang Pandhawa. Purun boten purun Pandhawa kedah ngakenni bilih Ngamarta sampun dados kukupanning paduka Kaka Prabu Duryudana, nyatanipun para Pandhawa sampun kawon duk nalika nuwun inggih. Perkawin Pandhawa hanagih janji manjing wana sabab Pandhawa tiyang ingkang boten wewani, mendem dateng kautaman. Yayi prabu, Negari Ngamarta saged dateng wangsal dateng kautamanning Pandhawa menawi sampun tugel gulu kula. Yayi Prabu Duryudana paduka narendra agung ngayomi marang hanyokra para wadya, mandhaping para kawula jagad aneksenni bilih Ngastina menika kagunganning paduka. Boten prelu ndadak dadosing penggalih biyen ki duweke sapa, namun bukti snyatanipun sampun dadosa kangungane paduka Duryudana. Mila kados pundi kemawon saged anugemi pun dadosaken payung ing praja Ngastina menapa pangucap kula boten klampahan Pandhawa bade mraptung Negara Ngtastina tuwin Ngamarta. Ingkang menika yayi, kula suwun paduka sampun liring marang karaharjan sampun ngantos paduka gampil kablithuk teng bujuk manising ingkang nyatanipun ngemu witadaya. Yayi prabu, wekdal mangke kawontenan paduka pasemunan mangke aja dene kembang mawar, nanging dipun rubung kekayoningah. Wani gandani wujudipun, nanging gandeng rinubung dateng datan katuri, boten mokal yayi ngrembagaken kagem ingkang mawa wisa kala wau tartamtu bade angrisak gandaning saening ganda sekar mawar mau. Yayi Prabu paduka penggalih awit kina-makina boten wonten kok Pandhita wantun perang boten wonten, wiwit kina-makina Pandita menika ayahannipun nyuwunaken dumateng gusti ingkang hakarya jagad, babag tentreming penggalih kamulya ning boten mokal namung boten remen pasulayan boten sarujuk yen ta wonten paprangan ageng, uga kanti kang anetepi yayi. Boten wonten yayi kamukten dipu paringaken menika boten wonten, sampun ingkang wedari ta yayi gawengan boten sepintena wiyaripun mung bali kang karebat dipun rencangi dateng pungkasing ludiro.kok lajeng kamukten dipun parengaken, menika ngaya wara sanget. Atmajane boten lila menawi kamukten dipun paringaken tiyang sanes menapa malih anak mantu tartamtu ludira ing manahipun. Ngono yayi mawantu panyuwun kula kedahipun daos jajaki kanti jiwane kasatrian, yayi Prabu boten prelu ngiris dateng Pandhawa.

Nadyanta kadang Pandhawa menika kekendhit kuimangka saka Dewa kula tulak dateng Pandhawa, sepinten janjinipun kadang Puntadewa, umpamine dados prang ageng mung cekap yayi Prabu lenggah cipta kula ingkang sajak ngrenteng dateng wayahipun Pandhawa yayi Prabu. Boten namung para Pandhawa ingkang kula renteng pustakanipun, sinten kemawon ing tansah biyantu dateng Pandhawa neteping mungsuhipun Basukarna yayi.”

Prabu Salya: “Ya jagad Dewa Batara wis tak ati-ati dak ing nguni, aku ya wis ngrungmangsani ngger yen aku ki dadi dayuh. Wis tak welingake yen aku iki dudu Pandhawa dudu Kurawa ora melu nyampuri perkara iki, ning gandeng anak mantu njaluk kapercayaanku wudaring rembug ewodene kana sing nyamplok raiku. Anak prabu kula nyuwun rembag sekedik rumiyin ngger. Kepingin bade ngutahaken ingkang wonten lebeting manah kula ngger, awit yen boten kula untapaken dak mangke nindhak ludiro minggah nglempak mustaka malah jawah kula ngger, inggih taksih kemut kok ngger, kula boten tiyang mendhem, kula taksih enget. Matur nuwun inggih nyuwun pangapunten nggih ngger, kula nytingka sawetawis.”

Eyang Panembahan: ”Nyuwun pangapunten kaparenga kula panembahan nututi kangungan kalingan ing kawigatos sampun ngantos kebrebeggen dateng suwanten kula, anak prabu keparenga sabar ngger.”

Prabu Salya: ”Inggih ngih mangke kula yayah piyambak, kula menika sampun sepuh ngger dados menawi ngantos wonten rembag ingkang natoni dateng manah menika kok radi mrengguk manah kula ngger. He Karna, mantuku bocah bagus mantuku kanjeng tara. Tak kira jagad manjing ngregani yen pancer bocah kang akeh wicara pirembugan. Saking pintermu aku iki bisa ora ngerti, saking pintermu nganti maratua kok langkahi kurang krasa gegandeng tanganne. Basukarna lekasdakna ing pendapa Ngastina iki, negara kang agung pendapa kang wus katon kawuryan kang mangsa para-para manungsa prasast cilakaning dewa kang ngujawantah. Ketitik akeh lelenggahan ing jroning pendapa kalebu akehing gupala-gupala, we ngerti gupala? Gupala ki wreca. Akehing wreca kang kinajang mapan ing pendapa Ngastina, saka pintere sing gawe ora mantra-mantra ora yayah mring manungsa urip, yayah menungsa urip wreca sing ana keneki. Nanging jebul keneki ya ana wujude manungsa gede malah ngungkuli watu, ketoke uwong jebul mung ra duwe pikiran ra duwe nalar. Ora bisa nemoni maratua, aku ngerti karep mu sing tak anggep kawiwingas mau ya mung panembahan karo prabu Salya. Kok cethakake maneh karepe ngandhakake, ora ana kok araning wong sing kamukten ki ora nana. Wah Basukarna, aku ki wong tuwa kang duwe rasa pangrasa ora ndadak ndumuk jeneng ae aku wis krasa. Minangka aja langap-langap waton ngucap ngger Karna. Tembungku kang wus tak wedharake tuwuhan saka ati suci ku nganti iklasing lahir batin kanti lilane lila ora bakal leku anggondeli merga atiku jiwanne satria. Satria sejati kui ati lan kekarepe ki kudu nyawiji yen iya ya iya, yen ora ya ora dadi tumraping satria aja satria gadungan, aja kaya satria kang pangucape satia marang tumindake dudu satria buktine yen ana apa-apa tanpa isa nyambute gawe. Yen ana apa-apa durung bisa ngrampungi karya, kui satria kang ora tumekaning batinne. Ngatasing aku iki mung ngrukunke ing ngantara Pandhawa klawan Kurawa kena apa kowe banjur ngaranni dewe sing ora-ora. Duh ki ngatase ngutusanning Pandhawa kembang

mawar anak prabu Duryudana ing ngedatoni karya tumekaning kene. Haha sing mantaka rembugmu Karna, Karna luweh-luweh sesumbar ngluruki praja Ngamarta dadi panguasaning Prabu Duryudana. Kena Pandhawa balik waton ing glumundhung ing mustakamu jagad nekseni pamaklakon perang gede klakon tenan Karna klakon tenan. Sabab aku bisa nonton marang ing kahananmu sepira bandamu bisa tanding karo Pandhawa woo Karna, Karna. Yen pama kowe klakon adep-adepan klawan Pandhawa ibarat kaya asu adat tanding karo singo barong, singo baronge Pandhawa asune ki kowe ngerti. Wiwit biyen mula ra ana aranne sipating asu adat menang tanding klawan singo barong, kok banjur kumecap kowe duwe tembung saguh ngrrenteng sirahe Pandhawa waa gegedhen kui sumbarmu Karna, gegedhen. Aja nganti ngrrenteng sirahe Pandhawa kowe nyekel ndase gareng ae ora klakon kowe tak kandanni, lha kok waton nduwe tembung. Waah mbok aja rumangsa bisa, ning bisaa rumangsa. Nalika kapan kowe bisa menang tanding lek nglakonni, lakon apa jaman apa? Kowe bisa menangi lakon. Mangka ing jagad wis neksenni lampahing pirang-pirang labuhanning Pandhawa marang para Kurawa uger Ngastina sing madangake ayup-ayupe ya mung Pandhawa. Ngerti ora nalikane jaman geger Surya Kencana biyen prabu Surya Kencana ngluruk marang negara Ngastina sapa sing balikake? Ya mung Pandhawa. Geger ratu Gajah ing Ngastina sapa sing balik ake ya mung Pandhawa sing ngaku dadi senapati biyen ki raine ana ngendi? Kowe dadi senapati bisa lambemu ki diblenduk wektumu ning diabar tanpa lega ing karya, malah umpetan tanpa ing ngaton kewanen mu kaya mengkono kok ngaku satria Karna, Karna satria karandinan ki ya kaya kowe kui sasana tentrem kowe banjur nepuk-nepuk dada aku satria, aku satria. Tau labuh apa kowe ning praja Ngastina he? Kowe tau labuh apa ing negara Ngastina. Sing kok endelke ki apamu marang para Pandhawa ki? Apa kowe ngendelke gawan mu Kyai Kunta wijaya gaman saka Dewa kuwi nek ra mbegal ana dalan nekoleh gaman kui, iya? Tok kira aku ora ngerti iya? Lakon mu wis mudheng aku. Kowe arep ngetokake gegaman kang udu wajibmu wo.. Basukarna, Basukarna kok kebangeten nyampluk rai ku nyampar marang tindaking kuping ku aku iki maratuwa mu nek tok akonni, bojo mu ki anakku wedhok. Dadi mantu urong ngunjung apa-apa kok rembugke wis elek nyang maratuwa, nek jane tak angkah ya ja nganti maratuwa marang nyang mantu aja nganti yen bakal klakon. Mantuku akeh ora mung kowe dewe Prabu Baladewa ratu agung kondange kang bantenge pangastawa karo aku nembah, karo aku bekti ngerti yen ngepek anakku wedhok nang aku ki sungkem, basa. Narendra Ngastina Duryudana lan sakadang para Kurawa kabeh pada nembah marang aku, uga sungkem, uga wedhi. Bareng kowe Karna barang kowe ratu cilik ongklak-anglik ora duwe jajahan kok gumedhe ndasmu he, nglamah marang wong tuwa woo.. Karna, Karna anak ku wedhok kok pek aja we ra nglangkah pager ora bakal dak kekne tak kandanni. Tenan ngertio kaya ngene aku gela ning njroning ati ku, ora bisa mulyake marang wong tuwa malah ngremehke drajating wong tuwa kaya mengke. Karna... Ora usah dak nyebaring Pandhawa, sak iki lakonne diwalik wis lakonne ora mung karna mungsuh Pandhawa ora mung lakonne diwalik Basukarna mungsuh Prabu Salya wis ayo sak iki wae. Ambak rambutku wis nyambuijen, aku wis kempong jambul ora ngadek jejeg tumrap kuating gading ning nyamplok nganggo perkara ngeneki datan urunga.”

Prabu Duryudana: "Rama kula aturi kemut rama."

Prabu Salya: "Ngger anak prabu pareng emut ngger, keparenga ngretua dateng marang ingkang putra putu Prabu Duryudana ngger."

Prabu Duryudana: "Wa kaparih kemut sang Prabu rama kula aturi emut rama inggih wonten pasowanahan inggih rama."

Prabu Salya: "Inggih ngger inggih, nyuwun pangapunten ngger ngantos ngentenika ngger. Manga-mangga kula derekaken lengkah ngger kula sampun menep manah kula ngger."

Prabu Duryudana: "Inggih ngaturaken panuwun kanjeng rama. Kula nuwun Kaka Prabu, Kaka Prabu Sri Batara Kresna para paduka kula ngaturaken enggal karaharjan."

Kaka Prabu Kresna: "Kawula nuwun inggih yayi Prabu Duryudhana sampun kula tami kanti prembagi paduka yayi Prabu pangastawa kula katur."

Prabu Duryudana: "Sanget anggen kula ngundi, pukulun Narada, pukulun Kanwa, pukulun Janaka, lan pukulun Rama Parasu sinten kula kunjuk."

Batara Narada: "Ya ya ya Duryudana pukulun tampa kita ngestukake marang pangabektine ulun."

Batara Kanwa: "Ya ya Duryudana kulun tampa."

Batara Janaka " Ya ya ngger, Kurupati wis dak tampa."

Batara Rama Parasu: "Ya wis dak tampa ngger Duryudana."

Prabu Duryudana: "Kaka Prabu kula sampun widanget paduka sampun rawuh dateng Ngastina, saha kula sampun mangertos dene paduka bade dados pangawak saking kadang kula Pandhawa. Namung sa derengipun Kaka Prabu paring dawuh mangga keparenga kula aturi ngepeti asiling pasugatan kula ingkang sampun cemawis. Kaka Prabu boten namung sak pulukan wujud sekul, boten sak kolotan wujud unjukan mangga kaparenga angrepeti pasugatan kula Kaka Prabu."

Kaka Prabu Kresna: "Yayi prabu ngaturaken sanget agunging panuwun kanti utami, semanten anggenipun paduka manembrana wujud boga dumateng kengraka, kula dereng sowan mapakaken mapaning sasana andrawina. Namung yayi prabu nyuwun pangapunten nengkah wewaton ingkang utami nyebataken leh kula kengkenan boten pun keparenaken amboga menawi dereng ngaturaken wigatosipun ingkang kedah karana menika namung utusan. Yayi mangke sak sampunipun kaka menika kunjuk atur gampil kula petang pinanggih ing wingking."

Batara Narada: "Ya ya ngger aja daya-daya dahar disik ngger, aja daya-daya marga wewaton ki nebutake sipating rembugan ki ora pareng dahar kanti durung rembug dak wigatine sing dikongkon."

Prabu Salya: "Iya jagad Dewa Batara tansah sarujuk ing manah kula ngger, menawi paduka boten kepareng dahar pasugatan kula."

Kaka Prabu Kresna: "Yayi prabu, sowan kula mriki mugi kaparenga sampun dados penggalih Kresna ingkang sowan nanging kaanggepa menika Pandhawa ingkang sowan kawetah ingkang sowan dateng Prabu Duryudana, yayi Prabu boten kathah atur kula gandeng sampun kalih rambahan dutanipun para kadang Pandhawa ingkang sowan mriki pun nyatanipun datan tanpa karya. Manka namun sowan kula menika pun bade ngemutaken ingkang yayi Prabu, kaparenga paduka hamenuhi janji duk nalikane Putu Prabu kang dadi. Duk nalikaning kadang

Pandhawa sampun nglenggahi dateng wosing perjanjen nglampahi isi ning perjanjen mangka kalamahan kanti lulus saged tutug ngantos dumugi jumawahing weddal. Mula yayi gentos kula nyuwun dateng paduka kaparingaken netepi dateng kasagahan paduka mulihake negari Ngindraprsata sak jajahanipun sukur bade ingkang yayi Prabu maringaken sak perangan Negari Ngastina dumateng kadang kula Pandhawa yayi. Kula minangka duta ingkang wekasan inggih duta ingkang kaping tiga kantun ngentun yayi Prabu Duryudana kepareng maringaken menapa boten cekap menika atur kula mugia kaparingan wangslanan.”

Prabu Salya: ”Dipikir disik ngger, aja kesusu mundhak mengko keliru, becik dienengake pikire kepiye. Ingkang Kaka Ndawarawati paringe dawuh ora okeh-okeh cekap, cekak, kraos arep diparingake apa ora.yen diparingake piye, yen ora ya piye mung ulun senajan ya teka kene iki mung bakal neksenni marang ucaping ya Duryudana, kepriye ngger Kurupati.”

Eyang Panembahan: ”Putu Prabu Duryudana engeta marang sabdaning pun kaki marang kowe ya ngger, aja nganti tuwuh gardah ing ngantaruning Pandhawa klawan Kurawa, Kurupati mangka wangslana kanti jumbuh marang pamujanning kaki ya ngger .”

Kaset 7

Pandhita Durna: ”Peparinga dawuh ingkang ingkang wibawa ngger, paduka menika narendra kang dados pangayome para kawula.”

Batara Narada: ”Ya pancen bener kandane Durna kui Kuripati dawuhmu iki mengko bakal nentokake lampahing lelakon kang dak kon lakonni.”

Prabu Duryudana: ”Inggih Kaka Prabu, kula ngrumaosi sampundangu anggenipun kula kukupan marang labuhing ing Ngastina, sampun dangu anggenipun nedengi negara Ngamarta. Mangka sampun wancinipun kula kedah mbangun batos kula sampun ngantos tumindak ingkang ala ing kalampahan wontenipun kula tansah kadang inggal menika kaka prabu, kula kepingin sanget enggal manunggal dateng kadang kula Pandhawa jagad keparenga neksenni sampun cekap anggennipun kula kukup ing negara Ngastina saha Ngamarta kedah kula caosaken dening kadang kula Pandhawa.”

Batara Narada: ”Ee ladalah. Jagad aneksenni marang kocap mu kanti tua ati suci mu. Jawata neksenni marang kandamu negara Ngamarta tuwin Ngastina kok pasrahake marang Pandhawa, yen kaya mengkono kandhamu aku enggal matur dening Sang Hyang paring katuran yen Ngastina Ngamarta dak paringake marang Pandhawa. Kresna aku jaluk pamit yo Kanwa, Janaka, Rama Parasu inggal bali nyang khayang. Yen ing tembe ana apa-apane mangsa bodoa kui tansah dadi panguasaning Pandhawa ngger.”

Kaka Prabu Kresna: ”Leganing pangrasan merga paduka Duryudana maringake negara Ngamarta tuwin Ngastina marang Pandhawa inggih menikaingkang kula ajap yayi.”

Dewi Gendari: ”Kurupati, anakku ngger mung aku ora nyana lekakonmu ngger. Duryudana sira kulup kelingan marang lelakonning ibu, kaya ngapa nggonku nangis batin mung sabab nyumurupi lelakon urip ku, Kurupati, Kurupati timung dak ku darbe prasetya marang darbe anak-anak aku saka ja nganti gambuh nganti klawan anak Pandu, mung sabab saka rasa seserik ku dening Pandu ingkang

wanah-wanahing nyerik marang atiku. Wiwit kowe cilek tak gegala bisa diwasa, kowe tak kudhang-kudhang kang bisa mukti wibawa timbalaning denda kaya ngapa nggoku mbudi daya supaya ngastina potangan tartamtu nganti temurun mu. Nanging Kurupati, Kurupati dene kowe dak kena tak muktiake ngger Duryudana katitik enggal balekake negara Ngastina Ngamarta marang Pandhawa. Duryudana, Duryudana wis ora jumbuh marang kekudhanganne ibu ora paedaehe aku nunggonne kowe Kurupati. Kurupati, Kurupati kowe bakal bisa balekake Ngastina lan Ngamarta nanging kowe kudu nyumurupi gumlundunge sirahku iki.”

Prabu Duryudana: ”Ibu bade menapa ibu? Bade menapa.”

Dewi Gendari: ”Wis ora patut aku nyoroti sumuruping ting sulya yen kowe iseh ngeman marang nyawanipun ibu apa kowe bisa nuruti apa panjaluk ku?.”

Prabu Duryudana: ”Kadhos pundi kepareng paduka, kula bade minangkani ibu.”

Dewi Gendari: ”Panjalukku jabelen tembungmu ya nger.”

Prabu Duryudana: ”Jagad neksenana ibu kula saguh njabel menapa ingkang dados kocaping kula, waton ibu boten seda.”

Dewi Gendari: ”Yen mengkono enggal kandakno ibu nunggoni ngestoni apa kang dadi laku jantra mu ya ngger.”

Kaka Prabu Kresna: ”Yayi prabu Duryudana gandeng paduka sampun paring katrangan menawi Ngastina tuwin Ngamarta dak caosake marang Pandhawa, anggen nipun bade paring katur marang kadang Pandhawa ngudi kaparinga paduka tapak asma dateng kekancingan ingkang kula samatakaken menika yayi.”

Prabu Duryudana: ”Kaka prabu, nyuwun pangapunten anggen kula matur sagah ngaturaken Ngamarta tuwin Ngastina dateng Pandhawa kala wau namung bade ngenaki penggalihing para Dewa ingkang neksenni rembag kula, namung gandeng para Dewa sampun boten wonten nyuwun pangapunten kula jabel kasagahan kula, kula bade boten maringaken Negara marang Pandhawa.”

Kaka Prabu Kresna: ”Lho yayi Prabu, sabda braman raja lho yayi pangendikanne ratu boten kinging wola-wali.”

Prabu Duryudana: ”Menika sampun biasa inggih amung boten prelu, kok kaya ndek sapa kok diwenehke tok, kedah dipun cepengi. Bade kados pundi bade boten kula lilaaken Ngastina Ngamarta dak panguasane Prabu Duryudana. Pandhawa kenging minta negari angger sampun pecah dadane Duryudana.”

Kaka Prabu Kresna: ”Yayi imprabu duryudana kula namung ngemutaken dateng ingkang yayi kaparenga panjang nyuswa paduka menawi paduka nentremaken penggalihing paduka kanti srana pun wangslaken Negari Ngastina Tuwin negara Ngamarta.”

Prabu Duryudana: ”Kaka prabu kula menika narendra sanes lare alit bola bali dipeksa wis dikandakake ora bakal dak paringake yen dereng gumlundung sirahe Duryudana meksa nekad.”

Kaka Prabu Kresna: ”Kula ngentosi sak dateng lilihing paduka karana paduka paring linuwih ambaranning raosing napsu, menika adating sok kirang titis anggenipun ngendika tetep kula tengga.”

Prabu Salya: ”Jagad Dewa Batara, saya tuwa kok saya nyumuruping lelakon sing nyenengake. Wah Prabu Duryudana nemonni tamu kok karo lumah.”

Kaka Prabu Kresna: ”Paman Prabu.”

Prabu Salya: "Wah kula ngger, wah nyuwun pangapunten ngantos boten mbragekaken wilujeng ngger."

Kaka Prabu Kresna: "Inggih pangestu paduka paman. Paman prabu punapa sampun dadosing caranipun narendra Ngastina manggihi tamu kok kalih sesarean."

Prabu Salya: "Kula inggih gumun kok ngger, nanging ing ngen pirembagan wau ingkang selak njenengan ngger. Sampun selak nek liyane diapusi kena yen kula boten kok ngger. Anggennipun Prabu Duyudana wau ngunus pedang wau njenengan lak tiwikrama ta ngger, empun ngendikan boten lha wong kula pun ngertos kok ngger."

Kaka Prabu Kresna "Paman prabu gandeng sampun purna nyatanipun kuru pati sampun ngugemi negari boten wangslaken dateng Pandhawa keparenga kula nyuwun pamit kula bade wangsl dateng Wirata paman."

Prabu Salya: "Mangke rumiyen ngger, kula niki inggih dayuh kok dipamiti nika pripun. Malah kula inggih bade nyuwun pamit bade wangsl, sak derenge kula bade nyuwun presa ngger, kinten-kinten Bratayudha mangke siyos dados boten ngger."

Kaka Prabu Kresna: "Boten ngertos paman, dados Bratayudha mangke dados menapa boten anak prabu boten ngertos."

Prabu Salya: "Inggih sampun menawi mekaten, nuwun sewu ngger , upami Bratayudha dados kinten-kinten ingkang menag Pandhawa menapa Kurawa ngger."

Kaka Prabu Kresna: "Kula boten ngertos menika paman. Menika namung gusti ingkang mangertos samangke kados pundi keparengipun."

Kaset 8

Kacariosaken Kaka Prabu Sri Batara Kresna dipun rubut dening para Kurawa wonten ing kedaton palenggahan, lajeng Kaka Prabu Sri Batara Kresna tiwi Krawa dadosa yaksa.

Kaka Prabu Kresna: " Eee...para Kurawa waspadakna endi sing durung ngrayok enggal mrene, ora bisa nyirnakake Kurawa dudu Narendra Ndwarawati, semana anggone Kurawa kamenang klawan aku wani ngraca gaman watu Ndwarawati. Suntaken gaman mu ora bakal mbujokake kulitku, bola-bali sing dadi underaning perkara ya Negara Ngastina iki, kabeh nganti pada lali dalanning marang kautaman mara pada melik jan, sabab wurunga kamukten tiba waris pada waris, tegadang pada kadang saya bakal bubrah papananing jagad sabab akeh wong kang melik marang kalenggahan marang tinggalan dalaning kautaman. Timbnag jagad dibaki wong watak candala mangka underaning Nagara Ngastina luwih becil tak untal malang negara sak isine iki."

Batara Narada: "Ealah ngger Kresna elinga ngger, negara kok njor kakahi kaya ngono, negara sakisi arep tok emplok dadi siji, yen kowe nguntal negara iki sak isine kowe bakal bubarake prang Brantayudha ya ngger. Yen tumindak klewat dene wis takati-ati wibawane titah, ora ana titah kang sampurna iseh ketumpakan marang napsu jroning ati. Oo pukulun kula ngaturaken panuwun padu ngedaton dumaton dateng Kresna."

Batara Narada: "Eee setiyaki kowe ana ngendi di?."

Raden Burisrawa: "Anggepe apa kowe sapa ana ing setinggil methengkreng ana bak kreta, he kusir mudun mata mlarok ora didelok he sing rawuh iki sapa tanpa ngerti ing kasusilan liyane pada sesedokan lenggah nglestot ana lemah kok malah wani methengkreng ana nduwur bak kreta. Kusir mudun, elho malah penthelang-pentheleng ora ngerti yen pangeran teka ana kene he, aku ingkang ngreksa karaharjaning alun-alun, karaharjaning pagelaran munggahing setinggil. Ora mudhun tak larak."

Kaka Prabu Kresna: "Adi Setiyaki Prabu Kurupati ora bakal ngeculake negara Ngastina marang kadang Pandhawa."

Raden Setiyaki: "Dados Bratayudha dadi Bratayudha mati dening yayi."

Kaka Prabu Kresna: "Pun kakang saiki bakal boyong marang ratu ayo yayi adhi Setiyaki tak aturi nyusul marang Prabu Ngawangga."

Kaset 9

Eyang Begawan: "Kulup Irawan, pangestune eyang tampanana ngger Irawan."

Raden Irawan: "Nuwun inggih eyang mugi dadosa jimat pangripip pangestunipun kanjeng eyang."

Eyang Begawan: "Irawan sampun dangu anggenipun nilar praja Ngamarta lan wektu iki kang rama lan pepunden mu wis timbul ing praja Wirata, apa kulul wis sowan marang kang rama."

Raden Irawan: "Kawula nuwun inggih eyang selaminipun pepunden lenggah wonten Wirata ingkang wayah malah dereng sowan dateng pepunden, dereng ngabekti dateng kanjeng rama."

Eyang Begawan: "Ngger Irawan, sira kudu eling marang lamun sira ki dadi satria ning praja, kautamanne satria kang urip ana praja, aja lali tansah percaya marang gusti kang hakarya jagad lan darbea nduwe rasa ngormati marang sesamaning dumadi ingkang manembah marang gusti. Metu marang marganeting panguasa luhur lelakumu lan kapercayan dirasuk sowan-sowang. Lantansah ngajenana marang semanane titah miturut endek duwuring ingkang asor kaluhuring drajad uga tresna marang sesama, gunankno rasa tepe slira marang sapada, apa maneh ngger ngormatana marang bangsa liya. Ingkang mamrih marang karahayuan nadyanta sira katonne pada, beda-beda tinonton marang kadang liyane."

Raden Irawan: "Kawula nuwun inggih sabda nira kaluhuran kanjeng eyang inggih mugi ingkang yayah saged nindakake sedaya sabdanipun kanjeng eyang". Irawan, ing wektu iki para kadang mu Pandhawa bakal anggayuh balining negara Ngindraprasta sak wilayahe, gandeng negara mbutuhake nom-noman kaya sira kulup, kumpula marang kadang Pandhawa liyane melua labuh marang pepunden mu Pandhawa."

Raden Irawan: "Luguning wayah nyuwun pamit ing pangajab dateng negara Wirata, bade ngabekti marang pepunden tuwin kempal kalihan ingkang sampun wonten ing ngriku."

Eyang Begawan: "Ya ya pun kaki ora bakal nggondeli yen kaya mangkonokang dadi panyuwun mu Irawan, ora liwat pun kaki paring puji pangestu marang sira kulup muga sarwa kasembadan pangajaping sira kulup irawan."

Raden Irawan: "Kula nuwun inggih."

Kaset 10

Adipati Basukarna: "Kawula nuwun nuwun ingkang Kaka Ndawarawati kunjuk pangabekti kula, menapa Kaka datan sumusul dateng lampah kula."

Kaka Prabu Kresna: "Ya ya Kaka Prabu Karna, aja kurang pangapura anak Prabu."

Adipati Basukarna: "Wonten wigatosmenapa Kaka Prabu."

Kaka Prabu Kresna: "Ayo yayi mara kanti ka enggal mudun saka baking kreta luwih disik pun kakang bade ngendika lan siar."

Adipati Basukarna: "Nuwun inggih kula derekaken wa Prabu. Kawula nuwun nuwun Prabu, kula ngaturaken pangabekti marang mugi kunjuk marang kang Kaka Prabu ing Ndwarawati."

Kaka Prabu Kresna: "Ya ya yayi, yayi Basukarna wis tak tampa banget panarima ingsun, pangestuku tampanana."

Adipati Basukarna: "Matur nuwun sanget pamundute kula Kaka Prabu. Katingal gita-gita sajah mengku gati, kaparenga paduka nyuwun dawuh Kaka Prabu."

Kaka Prabu Kresna: "Yayi Prabu, lakune kakang iki kajaba mengku wigati uga nungsung pawartos pranata dene Prabu Karna kongsi pasamuang, mangka pasamuang durung ana ing gati yayi."

Adipati Basukarna: "Duh Kaka Prabu, jimat pepunden kula mugi didebih deduka Kaka Prabu mila ingkang rayi nganti perang trap sila, lolos tanpa pamit inggih lebet saking panjagi kula marang praptaninipun marang Prabu Duryudana. Ing pangajap jalanan saking kula Kaka Prabu."

Kaka Prabu Kresna: "Yayi Prabu Karna sejatine ning kakang wus mangertenni bab iku lan uga wis tanggap apa kang dadi karsa ning anak prabu, mung kakang nyuwun marang setiadi minangka dadi dutaning Pandhawa ngreripih marang Prabu Duryudana gagar wigar tanpa karya yayi.kang mangkono jangkaning jagad ngungguling prang Bratayudha Jayabinangun kuwi bakal kalaksanan, mula kang sak iki yayi, nadyanta iki mung ketemu ing marga pun kakang banget suka paring katrangan manawa yayi karna iku kadangipun kakang numoni kadang pambayun karo kakang Puntadewa. Ingkang mangkono yayi pun kakang mundut setiadi uga yayi Karna gelema kumpul marang wira kadang Pandhawa."

Adipati Basukarna: "Kula ngaturaken panuwun ambagi katrangan dateng kula, namung nyuwun pangapunten kaka prabu kula boten saged minangkani panyuwunnipun kaka prabu menawi kadawuhan kempal kalihan Pandhawa. Sabab menapa kula sayekti dados gegujenganning jagad, dene wonten satria malik tinggal marang mung jamine kamukten kang boten sepintenno ajinipun Kaka Prabu."

Kaka Prabu Kresna: "Mengko disik dak rasa pangandikan mu ki kurang titis, ngene ya dhi ngenmu kumpul karo Kurawa kang wis cetha nduwe watak budi kang angkara cidra, wulak walike karo Pandhawa kang netepi marang dharmaning satria."

Adipati Basukarna: "Kula nuwun inggih Kaka Prabu, nanging saking pamanggih kula prang menika lugunipun leres kalihan lepat boten wonten Kaka Prabu. Mangka Kaka Prabu liring paduka kula tansah abiyantu wonten ing kula, kula

bade budidaya menggah supados kaluhuran Pandhawa kedah lanngeng. Amargi kula boten saged malik tingal dateng para kadang Pandhawa kaka prabu.”

Kaka Prabu Kresna: ”Yayi Karna kok aku bingung midangetake pangandikan mu kok sajake ana sesandi kang kineker. Yayi Karna yen an bab pinigit ya mbok kepareng kawedarake marang ing kakang yayi, yen kakang bakal deduga nyimpen marang sesandine ksaka sesandining saking yayi Prabu ing Ngawangga.”

Adipati Basukarna: ”Mekaten paduka yayi Prabu inggih namung Kaka Prabu ingkang saged ngeker wigatos kula menawi wonten pirembagan kalawau namung kula ingkang dados urop-urop supados Bratayudha menika kalaksanan, amargi ingkang dados pengalih kula supados Kurawa menika inggak katumpes ing prang Bratayudha klawan Pandhawa ingkang nyata-nyata sampun nglenggahi kautaman, ingkang tumindakipun namung mitihu dumateng tupuanning guru sejati.”

Kaka Prabu Kresna: ”Yen mangkono yayi prabu madek senopati marang ing Pandhawa ingkang bade numpes akara murkaning kala wau ngger, jagad pun aneksenni sak dayaning yayi prabu kang kabeh haneksenni, lan nyatane pun ngampil pusaka peparinge jawata kang awujud anting-anting lan kere waja ingkang dumadi bareng karo laire kang yayi prabu Ngawangga.”

Adipati Basukarna: ”Kaka prabu, Kaka Prabu jagad aneksenni benjang tempuking prang Bratayudha kula nyuwun tanding kula kalihan kang yayi Janaka ingkang kula tresnani bilih pusaka menika yekti sampun boten wonten ing kula, sampun kula wangslaken dumateng Batara Indra amargi menapa. Kula purun pejah, kula nglilakken gesang kula pinangka dados tinamba jayaning Pandhawa Kaka Prabu.”

Kaka Prabu Kresna: ”Duh adhi ku, kakang wus kawedar marang ing prasetya mu, jagad Jawata aneksenni maring prasetya mu adhi.”

Adipati Basukarna: ”Menawi mekaten kula daya-daya nyuwun pamit, sugeng pinanggih malih benjing ing swarga langgeng Kaka Prabu.”

Dewi Kunthi: ”Anak Prabu ing Ndwarawati ingkang wus kundur marang pangremgan. Anak Prabu, rahastra mrang sowanne Anak Prabu.”

Kaka Prabu Kresna: ”Kula nuwun inggih bibi ratu, sampun kula tampi pangestu pembrage paduka bibi ratu. Pangabekti kula inggih kunjuk.”

Dewi Kunthi: ”Ya ya anak Prabu Kresna wis dak tampa pangestunipun bibi tampanana.”

Kaka Prabu Kresna: ”Inggih katur panuwun pangandikan kula bibi.”

Prabu Yama Widura: ”Pun bapa ngaturaken paring karaharjan ngger anak prabu.”

Kaka Prabu Kresna: ”Inggih paman sampun kula tampi paring pangandikanipun paman Yama Widura. Bekti kula paman.”

Prabu Yama Widura: ”Inggih sampun anggen kula tampi dadosa jimat ya ngger.”

Dewi Kunthi: ”Anak Prabu Kresna pun bibi daya-daya mundut katrangan paran pawartaning inggih anak Prabu tumekaning Negara Ngastina.”

Kaka Prabu Kresna: ”Bibi duk nalika semanten tegesipun gagar wigar tanpa karya karana prabu Duryudana puguh anggenipu ngegeki kamukten Ngastina tuwin Ngindraprasta sajajahanipun. Sedaya pirembagan wau tutur ketawur dados cethanipun, purun boten purun prang donya ingkang kaping sekawan menika bade dados inggih menika Baratayudha bibi.”

Dewi Kunthi: "Anak Prabu Kresna, pun bibi mitung sadurunge tangeh lamun menawa candalane Duryudana iku bisa lilih. Duryudana katerusan bakal ngumbar kamurkan. Anak prabu anak Prabu."

Kaka Prabu Kresna: "Kula dipun paring kaaturan saking para kadang-kadang pun bibi kaaturan kundhur dateng Wirata, awit nyatanipun para kadang Pandhawa menika boten bade mantep angayahi karji temempuhing Baratayudha yen tanpa pinundang paduka bibi ratu."

Dewi Kunthi: "Ya ya nger pun bibi bakal anuruti panyuwunne Pandhawa. Pun ibu bakal nunggal marang anak-anak Pandhawa uga bakal anyurupi bakal kaya ngapa kridane anakku bakal tumpas karya ngilangi angkarane candalaling jagad. Widura kakang mbok mundut pamit ya dhi."

Kaka Prabu Kresna: "Paman widura kula inggih nyuwun pamit paman."

Prabu Yama Widura: "Inggih ngger anak Prabu, kula inggih titi anak kula inggih ngger."

Kaka Prabu Kresna: "Mugi-mugi kula kuwawiya ngayomi dateng kadang kula Pandhawa."

Kaset 11

Eyang Prabu: "Kunti Kalibrata kang wus bali bebarengan klawan buyut ing Ndwarawati, Kunti pada raharja ngger."

Dewi Kunthi: "Kula nuwun inggih bade kapundut paring pembrage paduka Eyang Prabu, sungkem kula mugi kunjuk."

Eyang Prabu: "Ya ya wis dak tampa santutlagung winantu raharja."

Kaka Prabu Kresna: "Kula nuwun inggih eyang prabu sembah kula mugi kunjuk."

Eyang Prabu: "Ya wis dak tampa."

Prabu Puntadewa: "Kula ngaturake pangabekti ibu."

Dewi Kunthi: "Ya ya ngger Punta wis tak tampa ngger."

Prabu Puntadewan: "Kaka prabu sembah kula."

Kaka Prabu Kresna: "Inggih yayi aji sampun kula tampi."

Raden Wrekodara: "Kunti ibuku pangabektku."

Dewi Kunthi: "Ya ya ngger bungkus wis dak tampa."

Raden Wrekodara: "Jiteng kakangku ana becik."

Kaka Prabu Kresna: "Ya ya dimas Wrekodara wis tak tampa."

Raden Janaka: "Kanjeng ibu sembah kula."

Dewi Kunthi: "Anakku ngger janaka aku kangen karo kowe ya ngger, wis taktampa banget panarimaku pangestuku tampanana."

Raden Janaka: "Sanget ing pamundi kula, Kaka Prabu sembah kula."

Kaka Prabu Kresna: "Ya ya wis tak tampa dimas Janaka."

Raden Nakula lan Raden Sadewa: "Ibu, bekti kula ibu"..." Sembah kula ibu."

Dewi Kunthi: "Ya ya ngger kembar wis tak tampa anakku ngger."

Eyang Prabu: "Daya-daya santutlagung nyuwun pawartos anggonne prapting Negara Ngastina."

Kaka Prabu Kresna: "Inggih Eyang Prabu keparenga kula kunjuk, kula sampun sowan dateng Prabu Duryudana ingkang kala semana nedengipun wonten ing praptan agung. Kula ngaturaken menapa ingkang dados wigatosipun kula tanting yayi prabu Kurupati kepareng mangsulaken menapa boten. Anggenipun nyuwun

dawuh dumateng anak Prabu. Lajeng dipun penggalih sawetawis kalihan yayi Prabu Duryudana, lajeng Prabu Duryudana anglilaake Negara Ngastina tuwin Ngamarta marang Pandhawa.”

Eyang Prabu: ”Sajake lagi diayomi marang dewane, diwelingke marang pangeranne. Ora nyana kok mrucut saka gendhongan lput, takira-kira ora ngulungake lha kok malah mengkono kang dadi kocaping Duryudana. Nglilaake Ngastina lan Ngamarta dadi panguasane Pandhawa.”

Kaka Prabu Kresna: ”Namung ngawuningan eyang menika dereng kula lajengaken. Nalika samanten Hyang Narada sampun kepareng dawuh yen Ngamarta Ngastina kaastha dening para kadangt Pandhawa, sak kundhuripun saking kedaton medhal tembung kang nguciwaaken saking bibi Gendari menawi Ngastina Ngamarta menika boten tarimah dipun wangslaken dateng kadhang Pandhawa. Dawuhipun prabu Duryudana wonten wekdal mangke lampah kula gagar wigar tanpa karya sabab Kurawa sampun kepingin dadosing Baratayudha eyang prabu. Balining Nagara Ngastian Ngamarta kudu direwangi pungkasing ludira kaarah kanthi gumlundunge sirah tinebus marang banjiring mawis.”

Eyang Prabu: ”Pun siwun Wirata ingkang nyatanipun Kurawa boten mendane ing pamilih lunta boten pimendane pitutur luhur, namung ajab dumadosing Baratayudha.”

Kaka Prabu Kresna: ”Saderenge bidal ing pasanggrahan ing mapanne tegal Kuru sesarengan kula derekaken nyeyuwun dumateng Gusti kang hakarya jagad tansah nuntunna dateng kita sami hanjuk dateng karaharyan, rahayu wetahing para Pandhawa jalari langgengen kamardikan tuwin dumugining alam kalanggengan ingkang dipun idam-idamaken ingkang agung ing nuswantara, rahayu sesamiya nyuwun dateng Gusti.”

Tokoh dalam lakon pewayangan Kresna Duta oleh Dalang Ki Anom Suroto.

- a. Eyang Prabu Matswapati.
- b. Kaka Prabu Batara Kresna.
- c. Prabu Puntadewa.
- d. Raden Wrekodara.
- e. Raden Nakula.
- f. Raden Sadewa.
- g. Raden Utara.
- h. Raden Wratsangka.
- i. Pathi Lirdia.
- j. Tumenggung.
- k. Raden Setiyaki.
- l. Batara Narada.
- m. Batara Narayana.
- n. Batara Kanwa.
- o. Batara Janaka.
- p. Batara Rama Parasu.
- q. Prabu Duryudana.
- r. Prabu Brestarata.
- s. Dewi Kendari.
- t. EyangnBegawan.
- u. Raden Irawan.
- v. Dewi Kunthi.
- w. Prabu Yama Widura.
- x. Eyang Panembahan.
- y. Prabu Salya.
- z. Pandita Durna.
- aa. Adipati Basukarna.